O'ZBEKISTON RESPUBLIKASI MILLIY KITOB PALATASI
INV. №
97-98

# Жаңа жылыңыз бенен!

«ИНСОН ВА ҚОНУН» • КҮШ — ӘДИЛЛИКТЕ!

Газета 1996—жыл 1-сентябрден шыға баслады.

№1 (8)
1997 жыл
1-ЯНВАРЬ
СӘРШЕНБИ
сатыўда еркин баҳада

# АДАМ ХӘМ НЫЗАМ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҲУҚЫҚ ҚОРҒАЎ УЙЫМЛАРЫНЫҢ ЖӘМИЙЕТЛИК—ҲУҚЫҚЫЙ ГАЗЕТАСЫ

◆

Жаңа жылда Қарақалпақстан Республика Прокуратурасы дүзилгенине 75 жыл толады. Бул тараўда өзиниң ҳадал мийнетлери менен көп жыллардан бери ислеп, жасларға устазлық қылып атырған устазлардан бири Нажен Қанназаров, ол 1965 жылда ТашМУ ҳуқықтаныў факультетин тамамлап, Республикамыздың ҳуқық қорғаў уйымларында мийнет етти. Ал 1976-жылдан бери Республика Прокуратурасында мийнет етип атыр.



Сүўретте КР Прокуратурасының тергеў басқармасы аға прокуроры, әдиллик кеңесшиси, Қарақалпақстанға мийнети сиңген юрист, Н. Қанназаров.

◆

## МӘЖИЛИС БОЛЫП ӨТТИ

Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасында ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлериниң уйымластырыўшы Кеңесиниң мәжилиси болып өтти. Оның күн тәртибинде нызамлылықты беккемлеў ҳәм жынаятшылыққа қарсы гүресиў бойынша 1996—1998 жылларға қабыл етилген программаның орынланыў барысы қаралды. Мәжилисти Қарақалпақстан Республикасының прокуроры Х. Халимов кирис сөз бенен ашты.

Күн тәртибиндеги мәселе бойынша Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасының бөлим баслығы ўазыйпасын атқарыўшы М. Маткаримов кең түрде баянат жасады.

Мәжилисте Нөкис қаласының прокуроры А. Нызанов, Қараөзек районының прокуроры Б. Мәмбетназаров, Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министрлигиниң бөлим баслығы Х. Раметов, усы министрликтиң жынаят қыдырыў бөлими баслығының орынбасары У. Атаниязов, Хожели районы ишки ислер бөлиминиң баслығы Н. Юсупов, Елликқала районының прокуроры К. Юсупов, Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министриниң биринши орынбасары А. Бабажановлар шығып сөйледи.

Мәжилисте атап өтилген программа көрсетпелерин орынлаў бойынша ўазыйпалар белгиленди.

## ЕСТЕЛИК ҚОЙЫЛДЫ

Жақында Өзбекстан Республикасы ишки ислер министрлигине қараслы Нөкис қаласындағы—әскерий бөлиминде уллы әскербасы, бабамыз Әмир Темурдың естелиги ашылды.

Естеликтиң ашылыў салтанатына Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси баслығы С. Аўезматов, әскерий бөлим баслықлары, Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министриниң орынбасары, ишки хызмет подполковниги М. Бабаниязов ҳәм Республикамыздың басқарыў уйымларынан, Нөкис қалалық ҳәкимиятынан Ветеранлар кеңесинен рәсмий адамлар қатнасты.

Естеликтиң ашылыў салтанатында ҚР Министрлер Кеңеси баслығы С. Аўезматов республика халқы атынан естеликтиң ашылыўы менен қутлықлап шығып сөйледи ҳәм лентаны кесип, естеликти ашты.

Әскерий бөлим атынан капитан У. Алаев шығып сөйлеп, Ўатанымызға садық хызмет етиўге сөз берди. Естелик алдында хызметке жаңадан келген жаўынгерлер әскерий ант қабыл етти.

Жаўынгерлерге Нөкис қалалық ҳәкимият үйи ҳәм Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министрлигиниң көркем ҳәўескерлер жәмәәти үлкен концерт қойып берди. Жаўынгерлерге байрам дастурханы жайылды.

**Ж. ӨТЕНИЯЗОВ.**

## РЎЗНОМА ХИЗМАТИНГИЗДА

Адлия ва суд идоралари, прокуратура, ички ишлар, адвокатура ҳамда солиқ инспекцияси, божхона ва бошқа юридик ташкилотлар, корхоналар, барча-барча жамоатлар фаолиятини ўз саҳифаларида мунтазам ёритиб, ҳуқуқий таълим самарадорлигини оширишга камарбаста бўлган «Адам ҳәм Нызам» «Инсон ва қонун» ҳуқуқ газетасига 1997 йил учун обуна давом этмоқда.

Муҳтарам газетхонлар!

Сизга ҳуқуқий хизматдош бўлган, қалбингизга нур олиб кирувчи, меҳнат фаолиятингизда ҳамиша мададкор бўлувчи «Адам ҳәм Нызам» «Инсон ва қонун» бундан кейин ҳам ҳамроҳингиз, маънавий сафдошингиз бўлишини истасангиз газетамизга обуна бўлинг.

Хонадонингизга тинчлик, соғлиқ-саломатлик тилаб,

**ТАҲРИРИЯТ.**

## ҚАСАМЁД ҚАБУЛ ҚИЛДИЛАР

Яқинда Қорақалпоғистон Республикаси Прокуратураси ходимларининг қасамёд қабул қилишга бағишланган мажлиси бўлиб ўтди.

Мажлисни Қорақалпоғистон Республикаси Прокурори адлия катта маслаҳатчиси Ҳакимбой Ҳалимов кириш сўз билан очди.

Шундан кейин Прокуратура прокурор-терговчи ходимлари тантанали вазиятда қасамёд қабул қилдилар.

Мажлисда Қорақалпоғистон Республикаси Прокуратурасининг терговы бошқармаси катта прокурори адлия маслаҳатчиси Қорақалпоғистон Республикасига меҳнати синган юрист Нажен Қанназаров, Умумий назорат қилиш бўлими бошлиғи ўринбосари Венера Ерниязова ва бошқалар сўзга чиқди.

Мажлис қатнашчилари эсдаликка расмга тушдилар, сўнгра катта концерт намойиш этилди.

## Қутлықлаўлар

Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры 1-дәрежели әдиллик кеңесшиси Б. М. Мустафаевтың буйрығына муўапық Қарақалпақстан Республикасы прокурорының 1-ши орынбасары Нарымбетов Жиенбай Бекимбетовичке әдиллик аға кеңесшиси дәрежеси берилди.

Биз дәреже ийесин шын жүректен қутлықлаймыз, халық ийгилиги жолында ислеп атырған жумысларында табыслар тилеймиз.

* * *

Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министри милиция генерал-полковниги З. Алматовтың буйрығына муўапық Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министриниң 1-ши орынбасары Бабажанов Аминбай Бабажановичке милиция полковниги дәрежеси берилди.

А. Бабажановты дәреже менен қутлықлап, беккем ден-саўлық, жумысларында табыслар тилеймиз.

Ҳүрметли Полат ҳәм Миясар!

Сизлерди 4-январь күнги өмириңиздиң өшпес нышаны болған бахыт тойыңыз бенен шын кеўлимизден қутлықлаймыз.

**Бахыт тойларыңыз тойға уласқай,**
**Жаслық бағларыңыз жайнап гүл ашқай,**
**Бәлент болып ҳәм берк болып шаңарақ,**
**Шуғла шашың жарқыраған қуяштай.**

**«Адам ҳәм Нызам» газетасының жәмәәти.**

## ЯНГИ ЙИЛ БИЛАН

Мустақил Ўзбекистонимиз ўзининг тарихига янэ бир зарварақ битди. Президентимиз раҳбарлигида элимизда осойишталик, фаровонлик ҳукмрон.

Мен хизмат қилаётган жамоа ҳам 1996 йилни яхши натижалар билан якунлапяти. Турли жиноятлар ўтган йилларга қараганда анча камайди. Бу ҳуқуқ посбонларининг фидойилиги ҳамда омма билан ҳамкорликда ишлаётгани туфайлидир.

Халқ—ҳақни гапиради, дейди доноларимиз. Чиндан ҳам шундай. Яқинда биз Бўстон шаҳар фуқаролари вакиллари орасида ҳисоб бердик. Шаҳримизда 12 мингдан зиёд аҳоли яшайди. Улар турли миллат вакилларидир.

Сўзга чиққан фуқаролар вакиллари З. Хўжаниёзов 1-маҳалла фуқаролар йиғини раиси Ю. Аҳмедов, туман ички ишлар бўлими бошлиғининг ўринбасари Жоналиев, ички ишлар бўлинмаси бошлиғи В. Отажонов ва бошқалар участка вакили С. Асановнинг ҳисоботини тинглаб, шаҳар меҳнаткашларининг осойишталигини сақлашда анча юмушлар руёбга чиқарилиб, ибратли ишлар қилинганини таъкидлаш билан бирга ҳали ҳам талай ишларни амалга ошириш зарурлигини таъкидлашди. Айниқса, меҳнаткашларни маълум вақтларда қабул қилиш долзарб ишлардан бири эканлиги уқтириб ўтилди.

Айни шу кунларда ана шу айтилган истаклар асосида дастур ишлаб чиқилиб ҳаракатдамиз. Ўйлайманки, биргаликдаги ҳаракат-ишга баракат киргизади.

Янги йил байрами билан ҳамкасбларимни табриклайман, Эл осойишталигини таъминлашдек қийин ва масъулиятли ишларида зафарлар тилайман.

**Б. АМЕТОВ.**
**Элликқалъа туман ИИБ участка вакили милиция лейтенанти.**

**Толыбай ҚАБУЛОВ.**
**Қарақалпақстан халық шайыры.**

### ЖАҢА ЖЫЛ ТИЛЕГИ

Әй, яранлар, бирәдарлар, бәриңе,
Бәлент бахыт алып келгей, Жаңа жыл.
Бәриңиздиң қадди-қәўметлериңе
Нурлы нәзер салып келгей, Жаңа жыл.

Қутлы болсын айтып дослар досларға,
Қыя-қыя бақсын қостар-қостарға.
Бирликли ел—Қарақалпақстанға,
Шадлық сазын шалып келгей, Жаңа жыл.

Ҳәммеңизге несип етип жасармақ,
Бир биреўден мәдет алмақ, йош алмақ,
Инсан ушын ырысқалды масақлап.
Илаҳийда терип келгей, Жаңа жыл.

Толыбай айтар: Жүрим берип жасларға,
Күлимлесин сүринбесин дослар да.
Бийғәрез ел — Қарақалпақстанға
Тозбайтуғын берик бергей, Жаңа жыл.

